

Policy 2.53 Volontè nan lekòl piblik yo

1. **Objektif.** Objektif lwa sa a se pou sipòte ak ankouraje moun fè volontè nan lekòl yo pou kapab ogmante ak amelyore patisipasyon paran, kominotè ak sivik nan lekòl yo an menm tan pou kenbe yon nivo pwoteksyon ak sekirite adekwa atravè etablisman lekòl ki nan distri a. Prensip lwa sa a tabli estrikti ankadreman pou moun k ap sèvi kòm volontè nan lekòl atravè pwogram volontè Distri lekòl rejyon Palm Beach la ki rele VOLONTÈ NAN LEKÒL PIBLIK YO, abreje VIPS.
2. **Aplikabilite ak pòte.**
 - a. Lwa sa a valab oswa aplikab pou tout volontè ak moun ki bezwen vin fè volontè nan youn nan lekòl Distri lekòl Rejyon Palm Beach la ap dirije.
 - b. Lwa sa a pa valab ni aplikab pou: moun k ap vizite lekòl la nan okazyon yon evènman espesyal k ap fèt yon sèl fwa sèlman, tankou konferansye, vedèt k ap vin fè lekti, moun k ap vin asiste pèfòmans elèv yo, paran oswa fanmi k ap vin manje ansanm ak pitit yo nan rekreyasyon, envite espesyal nan jounen oryantasyon pwofesyonèl, ak paran k ap vin patisipe nan reyinyon paran yo. Moun sa yo konsidere tankou vizite nan lekòl la. Yo dwe siyen kaye vizitè ki nan direksyon lekòl yo lè y ap antre lekòl sa yo, epi anplwaye lekòl yo dwe founi yo tout espikasyon apwopriye yo bezwen. Kèlkeswa sikonstans la, vizitè oswa volontè yo pa dwe rete pou kont yo nan konpayi elèv yo.
3. **Lwa.** Konsèy Administrasyon an kwè sèvi ak volontè nan lekòl yo atravè distri a ogmante pwosesis ansèyman pou elèv yo ak ankouraje patisipasyon kominotè nan pwosesis edikasyon an. Distri lekòl Rejyon Palm Beach la tout moun endividyèlman oswa an gwoup patisipe kòm volontè nan pwogram distri a òganize nan lekòl yo, nan distri a oswa nan biwo rejyonal yo ak nan lòt aktivite distri a andose oswa ap patwone lòt kote andeyò lekòl yo, avan, pandan oswa apre lè fonksyonman nòmal lekòl yo.
 - a. Yon volontè se yon moun ki pa p touche men k ap fè yon seri travay lekòl yo sou lobedyan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la.
 - b. Konsèy Administrasyon Distri lekòl Palm Beach la otorize Sipèentandan oswa reprezantan li pou apwouve volontè yo asepte ki pou ede nan yon seri pwogram lekòl yo òganize apre yo fin soumèt aplikasyon yo ak dosye konplè investigasyon ki te fèt sou dosye pèsonèl yo, epi apre yo fin pase seyans oryantasyon ak pwogram trening pou volontè yo, dapre jan Lwa ak Regleman Depatman Edikasyon Nasyonal Eta Florid la rekòmande sa.
4. **Metòd enskripsyon pou Volontè.** Moun ki vle vin fè volontè yo dwe ranpli fòm enskripsyon VIPS la ak fòm pèmasyon yo bay kòm volontè y ap jwenn nan Depatman Afè Piblik/Biwo Patisipasyon Kominotè.
5. **Pozisyon Volontè yo.** Volontè yo kapab sèvi nan ede pèsonèl distri a lokalman nan yon seri lekòl oswa pwogram distri a ap fè. Men, se pèsonèl ansèyan an ki responsab pou Siveye, dyagnostike, rekòmande, anseye ak evalye elèv yo lekòl la.
 - a. Aksepte ak itilize sèvis kèlkeswa moun nan sou yon baz volontè depan sèlman sou volontè Distri a, epi Distri lekòl gen dwa koupe oswa sispann itilize sèvis sa yo nenpòt lè lide li di l.
 - b. Volontè pa dwe ni gen dwa patisipe nan okenn aktivite politik oswa relijye pandan yo sou pwopriyete distri a oswa y ap fè yon travay pou distri a.
6. **Investigasyon dosye kriminèl.** Pou pwoteje byennèt ak sekirite elèv yo ak anplwaye lekòl yo, volontè yo dwe asepte yo fè yon investigasyon sou dosye kriminèl yo dapre jan lwa § 943.04351 Eta Florid la mande sa, aktyèlman kounye a oswa amande apre sa.
7. **Responsabilite.**
 - a. Se direktè/tris ak administratè lekòl yo ki responsab kòdinasyon ak sipèvizyon volontè yo.
 - b. Se direktè/tris ak administratè lekòl yo ki responsab bay ki travay ki apwopriye pou volontè yo fè.
 - c. Se Depatman Afè Piblik/Biwo Patisipasyon Kominotè ki responsab fè kòdinasyon ankèt sou dosye pèsonèl volontè yo.
 - d. Se Sipèentandan an ki dwe pase lòd bay tout direktiv konsènan volontè nan lekòl yo tankou paegzanp regleman ki pi rijid, men ki pa limite ak sa sèlman, pou filtre dosye volontè yo, suivan jan sa nesèsè.

OTORITE LEGAL: Lwa Florid §§ 1001.41, 1001.42
LWA ANVIGÈ: Lwa Florid §§ 110.504, 768.28, 1001.43, 1012.01, 440.02, 943.04351
REGLEMAN DEPATMAN
EDIKASYON ETA A: Regleman 6A-1.070 and 6A-1.0502
DOSYE ISTORIK: 23/4/86; 06/5/2009